

ABSTRAK

Satiap perusahaan anu ngajalin hubungan jeung parusahaan sejen, neteupkeun pangalola utama mangrupikeun salah sahiji faktor anu penting keur kamajuan parusahaan salain faktor sejen saperti transparansi dina pamariksaan kauangan, posisi structural jeung lain-lain. Neteupkeun pangalola utama dina satiap parusahaan teu bias leupas tina fakta politik jeung hukum, kaasup hukum nasional atawa hukum internasional.

Acan tetegna hukum nasional anu ngatur hubungan antara parusahaan bisa ngakibatkeun sangketa antara kadua perusahaan. Jeung dipikahariwangkeun bisa ngakibatkeun karugian ka nagara lamun hubungan kadua perusahaan eta pakait kana Sumber Daya Alam anu penting keur nagara. Masalah pangalola utama lain saukur negaskeun pihak anu jadi pangalola utama tapi kabijaksanaan atanapi paraturan anu sifatna nasional. Dugikeun dihareupkeun bisa kacipta lingkungan hubungan anu kondusif jeung heunteu ngarugikeun masyarakat, bangsa jeung nagara.

Metode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta deskripsi analisis anu ngagaduhan udagan kanggo ngagambarkeun hiji kaayaan dina hai ieu neteupkeun pangalola utama migas Blok Cepu dina hal ieu ExxonMobil sacara sistematis keur diteliti jeung diteangan pamecahan masalahna.

Keur bahan parbandingan kana masalah panalitian digunakeun teori-teori atawa konsep-konsep sarta pendapat para ahli anu dipedalkeun dina karangka pamikiran jeung bentuk premis mayor : Hubungan Internasional, Hukum Internasional, Ekonomi Politik Internasional, Investasi, Kerjasama Internasional, Perjanjian Internasional, Kepentingan Nasional, Konsep Migas sedeungkeun premis minor : Kerjasama antara Pertamina-ExxonMobil, ExxonMobil dalam hal ini sebagai Investor, Eksplorasi Migas di Blok Cepu, Undang-undang Migas No.22 Tahun 2001, Perjanjian antara Pertamina-ExxonMobil untuk menyelesaikan masalah hukum dalam kontrak.

Dumasar pembahasan ieu bias disimpulkeun yen salaku nagara anu benghar tina Sumber Daya Alam, Indonesia ngabutuhkeun kabijaksanaan atawa paraturan nyusun sacara komprehensif sahubungan jeung urusan paneteupan pangalola utama migas.

Dugikeun hubungan antara Pertamina-ExxonMobil bisa diatur dina paraturan anu jelas jeung tegas. Dugikeun teu ngarugikeun kapentingan kadua perusahaan jeung nagara sarta dihareupkeun bisa ngajadikeun salah sahiji preseden anu alus sangkan ningkatkeun kapercayaan investor asing kana iklim investasi di Indonesia.

Hasil tina panalungtikan ieu nguningakeun yen kaheunteutegasan pamarentah dina nerapkeun kabijaksanaanana anu ngakibatkeun panekupan pangalola utama migas Blok Cepu disawang geus ngalanggar paraturan-paraturan atawa dinyatakeun cacat hukum.

Kecap kunci : *Gawebareng; Pangalola Utama Migas Blok Cepu Antara Pertamina-ExxonMobil.*